**МКОУ « Ленинаульская СОШ № 1 имени героя Советского Союза Х. Нурадилова»**

| Согласовано: | Утверждаю: |
| --- | --- |
| зам. дир. по УР<br>Джамалдинова З.Ш.<br><br>« 26» август 2023г. | Директор МКОУ « ЛСОШ № 1»<br>Аскендерова Х.Н. ______<br>Протокол пед.совета №__198__<br>«_26_» август 2023 г. |

# Рабочая программа по родной (аварской) литературе для 9 класса

## учительницы родного языка и литературы Магомедалиевой Б.У.

**2023 – 2024г.**

**Программаялъе баян (адабият 9 кл)**

Художествияб адабияталъ к1удияб кумек гъабула кинабго рахъ камилав инсан куцазе, г1агараб халкъалъул рух1ияб бечелъиялъул къуч1алда г1олилазе тарбия кьезе.

Гьединлъидал школалда малъизе т1аса рищун руго ц1алдохъабазе мустах1икъал, маг1наялъул ва мац1алъул рахъалъ щвалде щварал авар литератураялъул ва вацлъиялъул миллатазул цо-цо асарал. Гьезда т1ад х1алт1улаго, лъималазда лъазе ккола художествиял асаразул анализ гъабизе, гьезие бит1араб къимат кьезе ва адабияб теориялъул к1вар бугел баяназдаса пайда босизе, гьелдаго цадахъ гьезие рагьизе ккола художествияб каламалъул пасих1лъи ва гъварилъи.

Раг1ул устарлъиялъул асарал малъи ккола адабияб курсалъул аслияб рахълъун.

***Малъиялъул мурадлъун ккола*** раг1ул устарлъиялда лъимал хадур гьезари, камилал художествиял асаразда гьорлъе раккизе ругьун гьари, пасих1аб сипатияб каламалъул тату лъаялде гьел рачин, гьелъул къуч1алда асаразулъ рихьизарурал жамг1иял гьоркьорлъабаздалъун, г1адамазул г1амал –хасиятаздалъун авторасе абизе ва бихьизабизе бокьараб аслияб пикру рагьиялде ва бич1ч1иялде рач1ин.

Адабияб курсалда жаниб хасаб бак1 ккола Ват1ан хиралъиялъул, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи ккведлъул, дунялалдаго зах1матхалкъалъул мурадал ц1униялъул асар ц1алдохъабалъ куцаялъ.

***Адабияталъул дарсаз лъимал т1амула*** миллатазул адаб-х1урмат гьабизе. Гьеб мурадалъе г1оло ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула цогидал миллатазул адабияталдаса авар мац1алде руссинарурал лъик1ал асаразулгун.

Лъайгун тарбия кьеялъул масъалабиги, ц1алдохъабазул г1елалъулаб х1албихьиги х1исабалде босун, авар мац1алда литератураялъул курс г1уц1ун буго 2007 соналда басмаялда бахъараб ва Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул ва г1елмуялъул министерстволъ тасдикъ гьабураб Дагъистаналъул Тахо-Годил ц1аралда бугеб педагогикияб г1елмиябгун ц1ех-рехалъулаб институталъ г1уц1араб «Авар ва Дагъистан адабият программалъул» къуч1алда.

9 классалъе ц1алул материал кьун буго тарихиябгун-тематикияб ва жанразул тартибги ц1унун. Гьениб х1исабалде босун буго байбихьул классазда ц1алул дарсазда лъималазе щвараб х1албихьи ва гьениб лъураб къуч1алда г1уц1ула хадубккун литературияб ц1али.

9 классалда малъизе программаялда рихьизарун руго лъайгун тарбия кьеялъе лъик1ал ресал ругел, рич1ч1изе бигьаял, художествияб рахъалъ щвалде щварал халкъияб к1алзул гьунаралъул, авар адабияталъул ва вацлъиялъул миллатазул хъвадарухъабазул т1аса рищарал асарал.

***Гьаб программаялъул аслияб т1алаб:*** адабияталде лъималазул рокьи базаби; чвахун ва пасих1го ц1алиялъул бажари камиллъизаби; малъулел асаразул гъварилъилъуде раккизе ва аслияб пикруялда хадур гъезе к1везелъун, анализалъе авалияб роцада лъимал ругьун гьари, т1ахьал ц1ализе гьира-шавкъ бижизаби.

9 классалъе т1аса рищарал асараз рес кьола ц1алдохъабазул г1умруялъул х1албихьи бечед гьабизе, сипатияб каламалъул лазат босизе лъималазда малъизе, гьезулъ рух1ияб сахаватлъи куцазе, г1умруялда дандч1валел г1емерал лъугьа-бахъиназе бит1араб къимат кьезе ругьун гьаризе.

Курс г1уц1ун буго, тарихиябгун тематикияб тартибги ц1унун. Гьелъ рес кьола лъималазул лъай г1амлъизабизе, литературиял асаразда кколел лъугьа-бахъинал ч1ванкъот1араб тарихияб заманалда хурхарал рук1ин ц1алдохъабазда бич1ч1изабизе, ва гьезда бихьизабизе гьел асаразда жаниб бат1и-бат1ияб тарихияб заманалъул г1адамазул г1умруги г1амал-хасиятги ва рук1а-рахъинги гвангъун цебеч1езабун бук1ин; гьелдаго цадахъ лъималазе рагьула жакъасеб къоялдаги гьел малъулел асаразул бугеб к1вар; гьанжесеб г1умруялъе бит1араб къимат кьун бажаруларо, аралде данде кквеч1ого.

**Ленинаулалъул №1 школалъул  планалда рекъон, гьаб курс малъиялъе бихьизабун буго анкьида жаниб 1 саг1ат: кинабниги лъаг1алие 34 саг1ат**

***Ругьунлъиялъулгун бажариялъул т1алабал к1ийиде рикьун руго:***

1. Асаралъул анализ гьабун ва гьелъие къимат кьун бажари;
2. Калам г1уц1ун бажари.
   Программаялда бихьизабун буго щибаб художествияб асар малъизе бикьун кьураб ц1алул заман.

**34 САГ1АТ**

Асарал лъазаризе – 23 саг1ат
Калам цебет1езабизе – 4 саг1ат
Класстун къват1исеб ц1али – 4 саг1ат
Халгьабиялъул х1алт1и – 2 саг1ат

## 50-90 соназда авар адабият

Миллияб адабият халкъалъул г1умруялда хурхараб бук1ин. Жамаг1аталъул пикру цебет1еялъе миллияб адабияталъул квербакъи ва лъайгун тарбиякьеялъе гьелъул к1вар.

**Расул Х1амзатов. «Дир рак1 муг1рузда буго», «Дир Дагъистан» (гьелдаса «Мац1», «Хъвадарухъанасул зах1мат», «Хъвадарухъанасул рит1ухълъи, лебаллъи», «Сундаса мун данде гьабун бугеб, Дагъистан?», «Гьаб улкаялда чи вижараб куц»), «Эбелалде», «Авар мац1», «Милъиршаби» (6 саг1ат)**

**«Дир рак1 муг1рузда буго».** Поэмаялда жанир шаг1ирас жиндирго халкъалъул хасияталъул лъик1ал рахъал загьир гьари: къвак1и, г1адатлъи, зах1мат бокьи, г1адан хиралъи. Поэмаялъул аслияб пикру – шаг1ирасул х1асратаб, жив халкъгун вугин, гьелъулгун жиндир бухьен т1ун гьеч1ин абураб калам.
**«Дир Дагъистан».** Асаралъул х1акъалъулъ цебераг1и. жинде щвезег1ан лъиданиги батун бук1инч1еб х1икматаб жанр Расулица бижизаби. «Дир Дагъистан» - инсанасул ва дунялалъул х1акъалъулъ пикрабазул т1ехь.
Адабияталъул теория. Поэмаялъул х1акъалъулъ баян жеги г1ат1ид гьаби.
**«Эбелалде».** Лъималазде эбелалъул рокьул к1одолъи ва гъварилъи, гьезул ургъалида ва рух1алида г1умру унел улбузда цере лъимал кидаго налъулалъун хут1и. эбелалъул сипаталда ва ц1аралда цеве шаг1ирасул недегьлъи ва рек1ел т1еренлъи.
**«Авар мац1».** Рахьдал мац1 гьеч1они, гьеч1о миллат, гьелъул маданият, рух1ияб бечелъи. Умумуз ирсалъе тараб гьеб хазина наслабазе ц1унич1они, ц1унуларо халкъ. Коч1ол каламалъул х1алуцин. Лирикияв багъадурасул монолог.
**«Милъиршаби».** Маг1арул т1абиг1аталъул ва г1адамазул рук1а-рахъиназул сурат кудияб рокьиялда ва махщалида бихьизабун бугеб куц. Сипатиял раг1абазул к1вар.
***Адабияталъул теория.*** Пейзажияб лирикаялъул х1акъалъулъ баян гъварид гьаби.

**Г1абдулмажид Хачалов. «Хваразул ц1аралдасан» (1 саг1ат)**

К1удияб Ват1анияб рагъда халкъалъ бихьизабураб бах1арчилъи, къвак1и, къох1ехьей. Гьеб кинабго бач1унеб г1елалда к1очене бегьунгут1и.
Халкъалъе г1оло рух1 кьурал г1адамал хвел гьеч1еллъун лъугьин – поэмаялъул аслияб пикру.
Поэмаялъул г1уц1иялъул хаслъи, мац1алъул пасих1лъи. Хвараздехунги ч1агояздехунги авторасул бербалагьи.
***Адабияталъул теория***. Асаралъул г1уц1иялъул х1акъалъулъ баян г1ат1ид гьаби.

**Муса Мухlамадов. «Манарша» (къокъ гъабураб) (2 сагlат)**

Магlарул гlолилазул гlуцlарухъанлъи ва рухlияб дунялалъул бечелъи. Хlайдари, Манаршал, Патlиматил сипатал. Манаршал гlумруялда жаниб эбел Гульжагьаница ва херай Катуралъ кколеб бакl. Манаршаги мугlалимги. Манаршал рухlияб дунял гlатlилъизе мугlалималъ лъолеб бутlа.

**Хlажи Гъазимирзаев. «Васасде», «Гьудуласде», «Лъалхъуге, дир барти» (1 сагlат)**

Шагlирасул гlумру ва адабияб хlаракатчилъи.
Умумузул гlамал – хасият, гlагараб ракь, магlарул халкъ, миллияб мацl – шагlирасул адабияб гьунаралъул аслияб тема.
Гъазимирзаевасул кучlдузул пасихlлъи, мацlалъул бечелъи, пикрабазул гъварилъи.

**Машидат Гъайирбекова. «Эбелалъул ракl», «Эбелалъул кечl»,**
**(1 сагlат)**

Шагlиралъул гlумру ва адабияб хlаракатчилъи.
Магlарул чlужугlаданалъул къадру, намус, захlмат, гьелъул напс ва тlадегlанлъи кlодо гьаби – Машидатил асаразул аслиял темабазул цояб.
Лирикияб сипат гlуцlизе шагlирасул бугеб махщел ва бажари.

**Фазу Гlалиева. «Кини» (2 сагlат)**

Магlарул чlужугlаданалъул гlакъиллъи, сабруялъул кlодолъи. Гьелъул рухlияб дунялалъул камиллъи. Васасдехун, йикlинесей нусалдехун, цогидаздехун Халунил бербалагьи. Закарил ва Меседул сипатал.
Рагъул магъалоялъул бакlлъи. Гаргаралъул, сипатиял рагlабазул сипатал.
***Адабияталъул теория.*** Художествияб каламалъул баян гlатlид гьаби.

**Цlадаса Хlамзат. «Балагьалъул гъамас» (2 сагlат)**
Меседгун гlарцуца халкъ хвалде цlаялъе гвангъараб мисал. Бечелъиялъ гlадамазул гlамал – хасият хисизабулеб куц. Жидер захlматалдалъун, гlурхъулъа ун, гlадан бечелъизе рес гьечlолъи. Бечелъиги намус-яхlги цадахъ хlебтlунгутlи, гьезул цоялъ цояб чlвай – гlумруялъул закон букlин авторас кlудияб махщалида бихьизаби. Жакъасеб гlумруялъул матlулъун гьеб трагедия букlин.
***Адабияталъул теория.*** Трагедиялъул хlакъалъулъ баян. Драматургиял асаразул хlакъалъулъ бичlчlи гъварид гьаби.

**Г1умар – Х1ажи Шахтаманов. Лирика: «Къаралазул г1ор», «Рач1а, гьудулзаби», «Г1андадерил х1ор» (1 саг1ат)**

Шахтамановасул лирикаялъул х1акъалъулъ баян. Гьелъул философия, хаслъи.

Ват1ан, г1агараб халкъ хиралъи, инсанасул намус-ях1, г1амал – хасият, шаг1ир ва заман, шаг1ир ва поэзия Шахтамановасул лирикаялъул аслиял темаби.

**Г1арип Расулов. «Хазина» (1 саг1ат)**

Хъвадарухъанасул г1умру ва адабияб х1аракатчилъи.

Хабаралда жаниб х1акъикъияб ва гьересияб цоцада данде тунки. Инсанасул г1умру – даимаб чвахи.

Жиндирго намусалда, г1умруялда, т1абиг1аталъ кьураб пагьму- гьунаралда цебе унго-унгояв устарасул ритухълъи ва жавабчилъи – хабаралъул аслияб пикру.

**Багъатар. «Североалда бугеб дир милъиршо»,**
**«Ц1адакьа бахчулеб дир чанил бурут1» (2 саг1ат)**

«Севералда бугеб дир милъиршо». Жакъасел анищал, къасдал. Миллатазул рух1ияб бечелъи. Къисаялъул аслиял багъадурал, гьезул сипатал. Эбел – инсудехун, ч1ах1ияб г1елалдехун г1олилазул гьоркьоблъи.

Автор – къисаялъул багъадур. Лъугьа – бахъин аслияв багъадурасул ц1аралдасан бициналъе г1илла.

Багьадуразул рек1ел х1ал, къасдал рагьиялъе муг1рузул т1абиг1аталъул, Каспий ралъ дал суратазул к1вар.

«Ц1адакьа бахчулеб дир чанил бурут1». Маг1арул г1олилазул г1умру – хасияталъул тема. Г1олилазул ц1али, анищ, къасдал, рокьи авторас махщалида рихьизари. Ценоевасул к1игьумерчилъи. Месей – г1адатай маг1арул яс. Месейил гьалат1 ва жинцаго жиндиего гьабураб тамих1. Гьимат- ях1, намус, г1ищкъу ц1унизе лъалел г1олилазул цевехъан.

Къисаялъул г1уц1иялъул хаслъи. Мац1алъул пасих1лъи. Рак1алдещвеязул, монологазул к1вар.

**Мух1амад Ах1мадов. Лирика: «Дие бокьун буго», «Сардалги къоялги къацандулелъул...», «Гьале г1азу балеб...», «Ч1ужуг1адан» (1 саг1ат)**

Ах1мадов- авар поэзиялъул ц1ияб наслуялъул вакил. Шаг1ирасул г1умру ва адабияб х1аракатчилъи.

Ват1ан, г1умру, г1адамал, жакъасеб къоялъул рохелги ургъелги, миллияб тарих – ч1ужуг1аданалъул къисмат, заманалда цебе шаг1ирасул жавабчилъи – Ах1мадовасул лирикаялъул аслияб тема.

Рахьдал мац1алдаса пайда босизе, гьеб махщалида х1алт1изабизе шаг1ирасул бугеб гьунар.

***Адабияталъул теория.*** Темаялъул, пикруялъул ва адабияб сипаталъул х1акъалъулъ баян г1ат1ид гьаби.

**Дагъистаналъул халкъазул адабияталдаса**

**Хизгил Авшалумов. «Дир мадугьал – дир тушман» (1 саг1ат)**

Хъвадарухъанасул г1умру ва адабияб х1аракатчилъи.

Мац1ихъанлъи ва базарганлъи гьабулел ч1ук1набазда авторас кьабулеб сатирияб ц1ал.

Гамбарил сипат. Ч1ук1наяс какулев Сары- Самад – рак1бац1ц1адав инсан.

Сатириял сипатал рагьизе авторасул бугеб махщел.

***Адабияталъул теория.*** Сатираялъул ва юморалъул х1акъалъулъ баян г1ат1ид гьаби.

**Нурадин Юсупов. «Гьавураб къо» (поэма) (1 саг1ат)**

Шаг1ирасул г1умруялъул х1акъалъулъ къокъаб баян.

Зах1мат бокьулев чи кидаго жиндирго мурадалде щола. Х1алт1уца гурони инсан берцин гьавуларо, гьесул маг1ишат цебет1езабуларо – поэмаялъул пикру.

Маргьа шиг1рияб къаг1идаялда хъван бук1ин – гьелъул хаслъи.

**Ах1мадхан Абу-Бакар. «Магьидул хъалиян», «К1иго херав чи» (1 саг1ат)**

Халкъазда, миллатазда гьоркьоб гъудуллъи – вацлъ . к1иго бат1ияб улкаялъул вакилзабазда гьоркьобгъудуллъиялъул асар бижи – хабаралъул аслияб пикру. Даниялъул ччуг1ихъабазул образал. Кубачи росдалсурат, гьелъул машгьурал устарзабазул сипатал.

«К1иго херав чи». Инсанасул рух1ияб бечелъи зах1маталда бухьараб бук1иналъу х1акъалъулъ аавторасул пикраби. Сахаваталлъун, гурх1ел –ц1об бугеллъун рук1ин – г1умруялда нур базаби. Г1умругун къеркьеялъ чиясул рек1елъ рух1ияб чаран лъей, жиндирго черх куцаялъ, г1акълу лъадариялъ инсан камил гьави – хабаралъул аслияб маг1на. Инсанги т1абиг1атги дандекквей.

**Рек1ехъе лъазаризе**

Расул Х1амзатов. **«Дир рак1 муг1рузда буго»** (кесек)
Г1абдулмажид Хачалов. **«Хваразул ц1аралдасан»** (кесек)
Х1ажи Гъазимирзаев. **«Васасде».**
Машидат Гъайирбекова. **«Эбелалъул рак1»**
Фазу Г1алиева. **«Кини»** (муг1алимас т1аса бищараб кесек)
Г1умар – Х1ажи Шахтаманов. **«Къаралазул г1ор».**
Мух1амад Ах1мадов. **«Дие бокьун буго».**

**Авар мац1алъулгун бухьен**

Хьвада-ч1вадиялда, жамг1иябгун политикияб темаялда хурхараб сочинение.
Рух1ияб бечелъиялда, жамг1иябгун политикияб темаялда хурхараб 2-3 асаралъул кьуч1алда доклад х1адури.
Хабариял текстазул къокъаб, яги т1асабищараб изложение.

**1Х классалда адабиял темабазда т1орит1улел к1алзулал ва хъвавулал х1алт1абазул аслиял тайпаби**

Художествиял асарал пасих1го ц1али.
Жинцаго бицине, гьединго хъвазе бугеб жоялъе г1адатаб ва жубараб план г1уц1и.
Хабариял асаразул, гьезул бут1абазул изложение х1исабалда бицунги хъванги анализгун цадахъ х1асил кьезе бажари.
Ц1алдохъабазул жидерго зах1маталъул бицарал сочинениял хъвай.
Жамг1иябгун политикияб, адабиябгун политикияб макъалаялъул къокъаб х1асил хъвай, гьединго гьезул план г1уц1и.
Жинцаго ц1алараб т1ехьалъе, бихьараб кинояльe, телевизоралдасан кьураб асаралъе къимат кьезе бажари.

**Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъ 1Х классалъул ц1алдохъабазда церелъолел аслиял т1алабал**

**Ц1алдохъабазда лъазе ккола:**

-эркенлъиялъе г1оло гъабураб маг1арулазул къеркьеялъулги адабияталъулги хурхен ч1езабизе;
- лъазарурал асаразда жаниб тарихиял хаслъаби ратизе;

- лъазарурал асаразул композиция, сюжет ва сипатал г1уц1араб тартиб;
- лъазарурал асаразул аслиял багьадуразул г1амал – хасияталъул г1аммаб к1варалъул бицине;
- лъазарурал асаразул жанралъул хаслъаби ратизе;
- критикиял макъалабазда лъазарурал асаразе къимат кьезе;
- программаялда рек1ехъе лъазаризе рихьизарурал текстал;

**Ц1алдохъабазухъа бажаризе ккола:**

- хъвадарухъанас раг1удалъун г1уц1арал художествиял сипатал цереч1езаризе;
- асаралъ рорхулел аслиял суалал ратизе;
- лъазабулеб асаралда жаниб сюжеталъул, композициялъул, багьадуразул сипатазул ва сипатияб каламалъул к1вар рагьизе;
- художествиял асарал пасих1го ц1ализе;
- бицунебги хъвалебги жиндирго к1алъаялъул план г1уц1изе;
- ц1алараб т1ехьалъе, бихьараб киноялъе, балагьараб спектаклалъе къимат кьун, рецензия хъвазе.

1

- хъвадарухъанас раг1удалъун г1уц1арал художествиял сипат – суратал цереч1езаризе;
- идеябгун – художествияб хаслъиги х1исабалде босун, асаралъул тайпа ч1езабизе (эпосиябищ, лирикайищ, драмайищ гьеб кколебали);
- асаралъ рорхулел аслиял суалал ратизе;
- малъараб асаралда жаниб сюжеталъул, г1уц1иялъул, героязул образазул ва сипатияб каламалъул идеябгун – художествияб к1вар рагьизе;
- асаралъул идеяб маг1на рагьизе героясул бугеб к1вар ва авторас гьесие кьолеб къимат батизе;
- асаралъул ва гьелъул героязул х1акъалъулъ лъугьараб жиндирго пикру кьуч1аблъун гьабизе;

11

- художествиял, общественниябгун – политикиял, гьединго литературияб критикаялъулал текстал бит1ун, дурун, раг1ун ц1ализе;
- художествиял асарал пасих1го ц1ализе;
- бицунебги хъвалебги жиндирго к1алъаялъул план г1уц1изе;
- зах1маталъул темаялда творческиял сочинениял хъвазе (жидерго х1алт1ул х1албихьиялъул кьуч1алда ва малъарал асаразда т1асан);
- общественниябгун - политикияб ва литературияб критикаялъулал макъалабазул къокъаб х1асил хъвазе, гьезие план г1уц1изе;
- жинцаго ц1алараб т1ехьалъе , бихьараб киноялъе, балагьараб спектаклалъе къимат кьун, рецензия хъвазе.

## Календариябгун – тематикияб план

| № | Дарсил тема<br><br>/9 кл адабият/ | Саг1ат | Дарсил тайпа.<br><br>Лъай кьеялъул къаг1ида | Дарсил мурад | Халгьабиялъул къаг1ида | Рокъоб х1алт1и | Примечание |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | **1 четверть – 8 саг1ат** | | | | | | |
| 1 | **50-90 абилел соназда авар адабият Р.Х1амзатов** «Дир рак1 муг1рузда буго» | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул<br><br>Лекция | 50-90 абилел соназда аваразул адабияталъул тематика ва суалал рагьи; Р.Х1амзатовасул х1ара-катгун гъваридаб лъай-хъвай гьаби.<br>Расулил асаразулъ т1оцебесеб бак1 кколеб Ват1ан бокьиялъул темаялъул цебет1ей бихьизаби; коч1олаб асар ц1ализе кколеб интонация бич1ч1изаби.<br>Поэмаялъул х1акъалъулъ ва коч1олаб асаралъул г1уц1иялъул лъай г1ат1ид гьаби.<br>«Дунго рик1к1ада вуго, рак1 дир муг1рузда буго» абураб пикру жив- жив инсанасул чорхолъ бессараб бук1ин ч1езаби | К1алзулаб калам, дарсида г1ахьаллъи | Р.Х1амзатовасул х1акъалъулъ церерахъинал х1адуризе, кьурал темабазда рекъон.<br>«Дир рак1 муг1рузда буго» поэма т1убанго ц1ализе ва гьелъул идеяб рахъ бихьизабизе лъай | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 2 | Р.Х1. «Дир Дагъистан» | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул Конференция | Расулил прозаялъулгун лъай-хъвай гьаби. Гьелъул хаслъи бихьизабиялъул бажари куцай. «Дир Дагъистан» асаралъул жанрияб рахъ ч1езаби Худож.асаралъул мац1алъул х1акъалъулъ лъай цебет1езаби, асаралъул мац1 ва гьелъул хаслъи бич1ч1изаби | Ц1алдохъабазул докладал ва церерахъинал | Ц1алул т1ехь гь.23-40 | |
| 3 | Р.Х1. «Дир Дагъистан» | 1 | Гара-ч1вари Ц1алдохъабазул церерахъинал | Ц1алдохъабазул хасаб асаралда т1асан пикру цебет1езаби, гьеб загьир гьабизе бажари «Дир Дагъистан» асаралъул г1уц1и, тема, идея ч1езаби Ват1ан бокьи, гьелъул тарихалде бит1араб бербалагьи, халкъалдехун, г1адат-г1амалалдехун рокьи куцай | Ц1алдохъабазул церерахъинал, гара-ч1вариязулъ лъик1аб г1ахьаллъи | Ц1алул т1ехь гь 41-48 | |
| 4 | Р.Х1. «Эбелалде» | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул Гара-ч1вари | Лъималазде эбелалъул буғеб рокьиялъул к1одолъи ва гъварилъи бихьизе ругьун гьари, лъималазул гьелда цебе жавабчилъи бич1ч1ине куцай Коч1олаб каламалъул г1уц1иялъул, ва гьелъул разбор гьабиялъул лъай цебет1ей. Коч1ол интонациялъулъ гьелъул маг1на загьир гьабун бажариялъул даража борцин. | Карточкаби Гара-ч1вариялъулъ г1ахьаллъи | «Эбелалде» коч1 т1убанго рек1ехъе лъазе | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 5 | Р.Х1. «Авар мац1» | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул Рек1ехъе пасих1го кеч1 ц1алиялъул къец | Инсанасул г1умруялъулъ рахьдал мац1алъул к1вар рагьизе бажари куцай. Гьеб гьеч1они, милат гьеч1о – абураб пикру бич1ч1изаби. Лирикияв героясул монологалъул маг1на рагьи. Къецалъулаб асар ц1алдохъабазулъ бижизаби | Пасих1го коч1олаб асар ц1ализе лъай | «Авар мац1» бихьизабураб кесек рек1ехъе лъазабизе | |
| 6 | Р.Х1. «Милъиршаби» **А.теория** «Пейзажияб лирика» | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул Гургинаб стол | Расулил асаразул бат1ияб-т1абиг1ияб рахъ рагьи. Пейзажияб лирикаялъул х1акъалъулъ лъай г1ат1ид гьаби. | Тесталъулаб х1алт1и | «Милъиршаби» кеч1 рек1ехъе лъазе | |
| 7 | **Калам цебет1езаби** ***Сочинение*** «Расул Х1амзатовасул асаразулъ инсаниятальул суалал» | 1 | Халгьабиялъул | Р.Х1-л х1аракаталъул х1асил гьаби. Асаразулъ инсаниятальул суалал рорхун ругеб къаг1ида-ялъул бит1араб пикру куцай. Хъвавулаб каламалъе жубараб план г1уц1иялъул бажари цебет1ей. Лъидаго бач1еб жиндирго хасаб пикру гьабун лъимал ругьун гьари | Пасих1го коч1олаб асар ц1ализе лъай | Сочинение хъван лъуг1изабизе<br><br>Р.Х1. «Маг1арулай» поэма ц1ализе. Гьелда т1асан гара-ч1вари гьабун бажаризе | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 8 | **Класстун къватlисеб цlали** Р.Хlамзатов «Магlарулай» | 1 | Гара-чlвари Гургинаб стол Интерактив | «Магlарулай» поэмагун лъай-хъвай гьаби. Гьелъул идеяб магlна рагьизе ва гьеб жакъа къоялда хурхинабизе бажари куцай. Магlарул чlужугlаданалъул гlамал-хасияталъе битlараб къимат кьезе ругьун гьари. Жиндирго пикру битlун загьир гьабун кlалъай гьабиялъул бажари цебетlей. Цогидазул кlалъаялъул хlисаб гьаби ва гьелда тlасан пикру гьаби. | Гургинаб столалъулъ лъикlаб гlахьаллъи | «Магlарулай» асаралъулъ жакъасеб къо» кlалзулаб церерахъин хlадуризе | |
| | **2 четверть – 7 сагlат** | | | | | | |
| 9 | **Гlабдулмажид Хачалов** «Хваразул цlаралдасан» **А.т.** Худож. асаралъул гlуцlи | 1 | Цlияб тема малъиялъул<br><br>Хlай «Щал хехал!» Асар битlун цlали ва гьелъул анализ гьаби | Гl.Х-л хlаракаталъул лъай гъварид гьаби. Гьесул творчествоялъул батlияб тематика рагьи. Худ.асаралъул анализ гьабиялъул бажари цебетlей.Цадахъаб ва хехаб пикруялде ругьун гьари. Р.с-лъе материал данде гьаби | Худ.асаралъул анализ Сочинениялъул хlасил | Р.сочинение «Кидаго кlоченаро» | |
| 10 | **Муса Мухlамадов** «Манарша» | 1 | Цlияб тема малъиялъул | М.М-л творчество гъварид гьабун лъазаби. Худ.асаралъулъ сипатал рагьиялъул лъай цебетlей<br>Прозаялъулаб асар битlараб интонациягун цlализе ругьун гьари | Битlараб интонациягун цlали | «М» къиса тlубанго цlализе. Гьелъул художествияб анализ гьабун бажаризе | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 11 | М.М. «Манарша» | 1 | Г1адатияб Къокъабазда х1алт1и (сипатазул карточкаби) | «М» къисаялъул худ.рахъ рагьи. Гьенир ругел сипатазул к1вар бихьизаби ва гьел жакъасел г1олилазда хурхинари. Советияб ва гьанжесеб г1елалъул бухьен ч1езаби Къокъабазда х1алт1иялъул мунпаг1ат ва цацазе бугеб кумекалъул к1вар борхизаби | Карточкаби Асаралъул анализ гьабун бажари | «М» къисаялъул аслиял багьадуразул сипатал рагьизе лъазе. Кл.сочинениялъе материал данде гьабизе | |
| 12 | **Калам цебет1езаби** ***Сочинение*** «Советияб заманалда г1олилазул хасият куцай» | 1 | Халгьабиялъул | Хъвавулаб каламалдалъун ц1алараб асаралда т1асан пикру загьир гьабун бажари цебет1езаби. Цебесеб г1елалъул жиндир г1умруялъе бугеб к1вар бич1ч1и | Сочинениялъул текст | Сочинение лъуг1изабизе | |
| 13 | **Х1ажи Гъазимирзаев** «Васасде», «Гьудуласде» | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул | Х1.Гъ-л х1ракаталъулгун лъай-хъвай гьаби, гьесул лирикаялъул аслиял темаби ва пикру рагьизе лъай. Коч1олаб асаралъул худ.анализ гьабиялъул лъай цебет1ей Умумузул батараб лъик1аб г1адат-г1амал босизе, жиндир г1умруялда гьеб х1алт1изабизе ц1алдохъабазе кумек гьаби | Асаралъул художествияб анализ гьаби | «Васасде» рек1ехъе лъазабизе «Эбел – инсул малъи» темаялда т1асан к1алъан бажаризе | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 14 | **Класстун къват1исеб ц1али** «Ожерелье для моей Серминаз» киноялъухъ балагьи | 1 | Дарс - кинозал | Ц1алараб асаралда т1асан пикру загьир гьабиялъул бажари цебет1езаби. Коч1олаб асар рек1ехъе рик1к1иналъул т1алаб ц1унизе ругьун гьари. Художествияб асаралда т1асан бахъараб кинофильмалъухъ балагьиялъул къаг1ида бич1ч1изаби.Советияб заманалда г1олилазул г1умру лъазе ва гьелъие бит1араб къимат кьезе ругьун гьари. | Кеч1 рек1ехъе ц1али «Эбел – инсул малъи» темаялда т1асан к1алъан бажари | М.Гъайирбековалъул «Эбелалъул рак1» рек1ехъе лъазабизе | |
| 15 | **Машидат Гъайирбекова** «Эбелалъул рак1», «Эбелалъул кеч1» | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул | М.Гъайирбековалъул х1аракаталъулгун лъай-хъвай гьаби. Гьелъул лирикаялъул тема, идея рагьи; Коч1олаб асаралъул анализ гьабиялъул лъай цебет1езаби;Инсанасул г1умруялда жаниб эбелалдехун бугеб бербалагьиялъул к1вар рагьи. Эбелалдехун ц1алдохъабазул рокьи ц1ик1кинаби | Кеч1 пасих1го, интонациялдалъун ц1али<br><br>Гара-ч1вариялда лъик1аб г1ахьаллъи | Фазу Г1алиевалъул х1аракаталда т1асан конференциялде х1адурлъизе. (муг1алимас рикьун кьела темаби) «Эбелалъул рак1» рек1ехъе лъазе | |
| | **3 четверть – 11 саг1ат** | | | | | | |
| 16 | **Фазу Г1алиева** «Кини» | 1 | Дарс - конференция | Фазул х1аракаталъул лъай г1ат1ид гьаби. Гьелъул прозаялъулгун лъай-хъвай гьаби «Кини» хабаралъул идеяб рахъ ц1алдохъабазда бич1ч1изе кумек гьаби. Кьураб темаялда жидерго к1алъай гьабун бажари | Кьураб темаялда т1асан ц1алдохъабазул цересрахъинал | «Кини» т1убанго ц1ализе. Худ.рахъ рагьун бажаризе. Аслиял багьадуралъул сипат бихьизабизе | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 17 | Ф.Г1. «Кини»<br>**А.т.** художествияб каламалъул х1акъалъулъ | 1 | Гара-ч1вари | Ф.Г1алиевалъул «Кини» асаргун авалияб лъай-хъвай; рагъул магъалоялъул бак1лъи рагьи; г1агараб ракьалде, халкъалде рокьи ц1ик1к1инаби | хабарияб асар ц1али; асаралъул художествияб анализ гьаби | «Кини» т1убанго ц1ализе; асл.багьадуралъул сипат рагьизе бажаризе | |
| 18 | **Калам цебет1езаби**<br>***Сочинение*** «Г1одой къулун къочила эбелалъул кверазда» Фазул ва Машида-тил асаразулъ эбелалъул сипат | 1 | Халгъабиялъул | кьураб темаялда авар мац1алда бухьараб маг1наяб текст г1уц1изе бажари лъадари; ч1ужуг1аданалъул бат1и-бат1ияб рахъалъул образ рагьи | сочинениялъе материал данде гьаби;жубараб план.г1уц1и | Сочинение хъван лъуг1изабизе | |
| 19 | **Ц1адаса Х1амзат**<br>«Балалъул гъамас»<br>А.т. Драмиял асарал | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул | Ц1.Х1амзатил пьесабазул х1акъалъулъ лъай г1ат1ид гьаби; пьесалъул аслияб пикру «месед-г1арац балагь буго» рит1ухъ гьаби; жакъа къоялда гьеб пикруялъулгун бухьен бихьизаби | «Кини» асаралъул багьадуразул сипат рагьи; «Балагьалъул гъамас» пьесаялда т1ад х1алт1и | «Балагьалъул гъамас» ролаздалъун ц1ализе ругьунлъизе | |
| 20 | Ц1.Х1. «Балагьалъул гъамас» | 1 | Дарс - театр | «Балагьалъул гъамас» пьеса ролазда ц1али; гьелъул х1акъалъулъ жиндирго пикру загьир гьабун бажари цебет1ей; ц1алдохъабазул хасият куцай | к1алзулаб калам гьаби; гара-ч1вариялъулъ жигараб г1ахьаллъи гьаби | «Балагьалъул гъамас» асаралда т1асан жидерго пикру хъвазе | |
| 21 | **Г1умарх1ажи Шахтаманов**<br>«Къаралазул г1ор», «Рач1а, гьудулзаби», «Г1андадерил х1ор» | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул | Шахтамановасул лирикаялъул хаслъи ч1езаби; коч1олаб анализ гьабиялъул бажари цебет1езаби; г1агараб мац1алъул берцинлъи бихьи, гьеб бокьиялъул асар ц1ик1к1инаби; Ват1ан ц1униялъул даражи борхизаби | коч1олаб каламалъул анализ гьаби, бук1ине кколеб интонациялда гьеб ц1али | ***Р.сочинение*** «Дир гьудулзаби»<br>«Къаралазул г1ор» рек1ехъе лъазабизе | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 22 | **Класстун къватІисеб цІали** ГІ.Расулов «Къункърабазул моцІ» | 1 | гара-чІвариялъул | ГІ.Расуловасул хІаракаталъул хІакъалъулъ лъай; хъвадарухъанас КІВ рагъул тема рагьиялъул хаслъи бихьизабун бажари лъадари; гІагараб ракьалъул тарих лъай | аудиозаписалъухъ гІенекки; рагІаралъул хІакъалъулъ жидерго пикру загьир гьаби | ГІарип Расулов «Хазина» жидецаго цІализе | |
| 23 | **ГІарип Расулов** «Хазина» | 1 | ЦІияб тема малъиялъул | ГІ.Расуловасул асаразул тематикияб рахъ рагьи; хабарияб асар цІалиялъул бажари лъадари; жидецаго цІаларалъул хІакъалъулъ кІалзулаб калам гьабун бажари цебетІей; КІВ рагъул хІакъалъулъ лъай гъварид гьаби | хабар цІали; жидеца цІаларалъе план гІуцІи ва кІалзулаб калам гІуцІи (къокъабазда) | «Хазина» тІубанго цІализе, художествияб анализ гьабизе лъазе | |
| 24 | ГІ.Р. «Хазина» | 1 | Дарс – сапар | худ.асаразулъе асар «сапар»гьаби; «Къункърабазул моцІ», «Хазина» асаразул дандекквеялъулаб анализ гьабизе бажаризе | Асразул багьадурасул гІумруялъул нух бахъи; дандекквеялъулаб таблица цІезаби (къокъабазда) | «Хазина» ва «Къункърабазул моцІ»-дандекквеялъулаб анализ гьабизе бажаризе | |
| 25 | **Багъатар** «Севералда бугеб дир милъиршо» | 1 | ЦІияб тема малъиялъул | Багъатарил хІаракатгун лъай-хъвай гьаби; Багъатарил асаразул тематика рагьи; жакъасеб гІелалъул гІумругун данде кквей советияб гІел; гІагараб ракьалъул тІабигІат берцин бихьизе ва гьеб цІунизе ругьун гьари | «Севералда бугеб дир милъиршо» пикрияб анализ гьабун ругьунлъизе | **Багъатар** «Севералда бугеб дир милъиршо» «ЦІадакьа бахчулеб дир чанил бурутІ» цІализе, гьезул идеяб анализ гьабизе лъазе | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 26 | **Багъатар** «Севералда бугеб дир милъиршо», «Ц1адакьа бахчулеб дир чанил бурут1» | 1 | тема щула гьабиялъул практикияб | Багъатарил асаразул мац1алъул хаслъи бихьизаби; г1адамазул гьоркьоблъаби рагьиялъул камиллъиялде к1вар кьей | «Севералда бугеб дир милъиршо», «Ц1адакьа бахчулеб дир чанил бурут1» дандекквеялъулаб анализ гьаби (таблица ц1езаби) | Ц1алуда хадур гъуразе: М.Ах1мадовасул г1умруялъул ва х1аракаталъул х1акъалъулъ докладал х1адуризе | х1. б. |
| | **4 четверть – 8 саг1ат** | | | | | | |
| 27 | **Мух1амад Ах1мадов** «Дие бокьун буго…», «Сардалги къоялги къацандулелъул», «Гьале г1азу балеб», «Ч1ужуг1адан» **А.т.** Тема, идея, сипат. | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул | М.Ах1мадовасул х1аракатгун авалияб лъай-хъвай; коч1олаб асаралъул г1уц1иялъулаб анализ рак1алде щвезаби; Ах1мадовасул рокьул ва Ват1ан бокьиялъул тема рагьиялъул хаслъи бихьизаби; г1араб мац1алде, Ват1аналде рокьул асар ц1ик1к1инаби | М.Ах1мадовасул х1акъалъулъ докладал гьари; г1енеккараз гьезие къимат кьей; Ах1мадовасул куч1дул ц1али; гьезие анализ гьаби | «Дие бокьун буго» коч1 рек1ехъе лъазе Коч1олаб асаралъул сипатияб анализ лъазе | – |
| 28 | **Дагъистаналъул халкъазул адабияталдаса Хизгил Авшалумов** «Дир мадугьал – дир тушман» | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул | Х.Авшалумовасул х1аракаталъул х1акъалъулъ къокъабго баян лъай; фельетон, макъала – газет журналазул стилазул х1акъалъулъ лъай; юмор ва ирония бат1а бахъизе бажаризе; фелетьоналъул тема рагьи; г1адамазул гьоркьоблъабазул рахъ бихьизаби | «Дир мадугьал – дир тушман» асар комментариялгун ц1али | «Дир мадугьал – дир тушман» асаралъул сипатазул хасият рагьун бажаризе | – |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 29 | **Нурадин Юсупов** «Дун гьавураб къо» | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул | Н.Юсуповасул х1аракаталъул х1акъалъулъ къокъабго баян; поэмаялъул х1акъалъулъ лъай г1а-т1ид гьаби; «Дун гьавураб сон» поэмаялъул идеябгун – тематикияб анализ гьабун бажари куцай; умумузул г1адатал лъай; гьездаса г1умруялъе дарсал росизе ругьунлъи | «Дун гьавураб сон» поэма ц1али; гьелъие художественниябгун тематикияб анализ гьаби; аслияб пикру баян гьаби; нилъерго халкъалъул г1адатазул бицараб гара-ч1вари гьаби | ***Р.сочинение*** «Дир росдал г1адат» хъвазе, гьелъие жубараб план ургъизе | — |
| 30 | **Ах1мадхан Абубакар** «Магьидул хъалиян», «К1иго херав чи» | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул | А.Абубакарил х1акъалъулъ къокъабго баян лъай; Абубакарил асаразул инсанасул хасият куцаялъе к1вар рагьи | хабарияб асар ц1али; асаразул идеяб маг1на рагьараб анализ гьаби | «Магьидул хъалиян», «К1иго херав чи» ц1алун, къокъаб х1асил бицине лъазабизе | — |
| 31 | Малъараб такрар гьаби | 1 | Практикияб Гара-ч1вари | аваразул советияб адабияталъул х1акъалъулъ лъай щула гьаби; адабияб теориялъул баянал рак1алде щвезари | салалзе жавабал гьари; къецал т1орит1и; гара-ч1вариялъулъ г1ахьаллъи | халгьабиялъул х1алт1иялде х1адурлъизе, малъараб такрар гьабизе | |
| 32 | Халгьабиялъул х1алт1и | 1 | Халгьабиялъул<br><br>Тесталъулал т1адкъаял | 9 классалда щвараб лъаялъул даража борцин; лъималазул жалго жидедаго ч1араб жавабияб х1алт1и гьабиялъул бажари лъадари | халгьабиялъул т1адкъаял т1урай | | |
| 33 | Х1асил гьабиялъул дарс | 1 | Г1адатаб Гара-ч1вари | 9 классалда малъарабщинаб материалалъул лъай щула гьаби | х1аял, проектал | | |
| 34 | Нахътей | 1 | | | | | |